



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 20 mas 2014

### **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TWAZYÈM 'I LOVE NY PARK DAY' KI FÈT CHAK ANE A**

*Volunteer Day 3 me 2014 la se yon Bèl Okazyon pou Ede Pak ak Sit Istorik nan Eta New York*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse anrejistreman sou entènèt kòmanse pou dezyèm "I Love My Park Day" ki fèt chak ane a eki pral fèt nan jou ki 3 me 2014 la nan pak ak sit istorik eta a toupatou nan eta a nan kad angajman pèmanan gouvènè a pou l byen jere mayifik teren ak pak eta nou yo ak pou ogmante aktivite lwazi ak touris nan New York. Lane pase plis pase 4.000 volontè ki soti toupatou nan eta a te patisipe nan evenman "I Love My Park Day" ki te yon reyisit. Ou ka jwenn detay evenman an ak anrejistreman sou entènèt nan [www.nysparks.com](http://www.nysparks.com).

"Si w pase tan ap amize w nan bèl pak ak sit istorik New York pandan tout ane a, m espere ou pral pran tan nan jou ki 3 me a pou remèt en pe nan sa w te pran," te deklare Gouvènè Cuomo. "Pak eta nou yo se kèk nan resous nou yo ki plis apresye, epi se responsablite pa nou kòm sitwayen pou nou konsève yo ak pran swen yo pou jenerasyon kap vini yo kapab jwi yo.

[Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York](#) ak [Parks & Trails New York](#) mete ansanm pou patwone 'I Love My Park Day' ki se yon aktivite nan tout eta a pou amelyore epi valorize pak ak sit istorik New York ak tou pote vizibilite nan tout rezo pak la ak nan bezwen li yo. Plis pase 80 pak a sit istorik pral patisipe. Volontè yo pral selebre rezo pak New York la lè yo repara domaj ak netwaye dega siklòn ak lòt debri ki sou teren pak yo ak plaj yo, lè yo plante pyebwa ak jaden, lè yo repara santye ak abita lanati, lè yo retire espès k ap anvayi yo, epitou lè yo travay sou plizyè pwojè amelyorasyon espas la. [Komisyon Eta New York sou Sèvis Nasyonal ak Kominotè](#) a ap vinn travay ak nou pou ede rekrute volontè, ankouraje inisyativ la epi sipòte pwojè toupatou nan eta a.

"Gouvènè Cuomo kontinye ap montre angajman li nan enfrastrikti pak ak sit atravè eta a, sa ki pèmèt nou fè gwo investisman kapital pou amelyore eksperyans lan pou tout vizitè nou yo. Ane sa, ak yon lòt angajman \$90 milyon nan lajan New York Works, nou espere kontinye transfòme ak remanbre rezo pak nou an pou 21yèm syèk la," te deklare Delege State Parks la, Rose Harvey. M ta renmen remèsye Parks & Trails New York pou l Love My Park Day sa li òganize a, epi m envite volontè tout laj vini jwenn nou ankò nan jounen 'I Love My Park Day' a pou okazyon espesyal sa pou yo montre sipò djanm yo pou

Haitian Creole

mayifik rezo pak New York la. “Sipò piblik la ak patenè ki devwe yo pral fè pak ak sit yo vinn pi bon le plis posib.”

“Investisman istorik Gouvènè Cuomo nan pak eta ede pak ak sit istorik eta New York yo fè kokenn amelyorasyon, men pou ede yo klere tankou bijou yo ye a, n ap mobilize sipò zanmi, volontè ak patenè,” te deklare Direktè Egzekitif Parks & Trails New York la, Robin Dropkin “Nou espere Nouyòkè ki itilize epi renmen pak yo gen yon lòt okazyon pou jwe wòl pa yo atravè koudmen yo ka bay nan 'I Love My Park Day' ane sa.

Anrejistreman I Love My Park Day ka fè sou sit entènèt <http://www.ptny.org/ilovemypark/index.shtml>.

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York sipèvize 179 pak ak 35 espas istorik eta a, epi gen 60 milyon moun ki vizite yo chak ane. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa ale sou Entènèt nan sitwèb [www.nysparks.com](http://www.nysparks.com), konekte nan Facebook, oswa swiv nou sou Twitter.

\*\*\*

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418